

Park Vista Community High School

7900 Jog Road

Lake Worth, FL33467

(561- 491-8400

Sit Entènèt: pvchs.com



Pwosedì Estanda pou Fonksyònman

2022-2023

ESTAF ADMINISTRATIF**Sipèentandan:**

Mr. Michael Burke

Sipèentandan Rejyon Sid:

Dr. Peter Licata

Direktè/tris:

Dr. Enrique Vela

Sou-Direktè/tris:

Madam. Marie DiFonte

Mesye Brend Higley

Madam Mary Killeen

Mesye Reggie Lanier

Mesye Ronn Peteck

Doktè Pia Pierre

Enfòmasyon pou Kontak**Biwo Prensipal:****491-8400**

Doktè Enrique Vela, Direktè

Mesye Reggie Lanier, Sou-Direktè

Mesaj pou Pwofesè al Estaf

AKTIVITE AK ATLETIS**Direktris:****491-8443**

Madam Pam Romero

AKADEMI PWOFEYONÈL

Kowòdonatè

Madam Nikki Lanier

KLINIK:**491-8442**

Enfimyè Mis Ivey Delmas

LEKÒL KOMINOTÈ:**491-8448**

Sou-Direktè

Mesye Ronn Peteck

KESYON ELL:**493-6814**

Kowòdonatris

Marie Chrisphonte

EDIKASYON ELÈV ESPESYAL (ESE ann anglè):

Kowòdonatris

Mis Shana Wendrow

FOOD SERVICE (SÈVIS MANJE NAN LEKÒL)**BIWO KONSEYE AKADEMIK:****491-8420**

Kowòdonatè

Mesye Rick Dewalt

491-8419

Mis Amy Carlson

491-8433

Mesye Michelle Mills

491-8434

Madam Megen Stair

491-8435

Mesye Peter Tarini

491-8436

Madam Mary Turner

491-8437

Madam Tara Robinson

491-8432**SANT MEDYA (BIBLIYOTÈK):****491-8446**

Espesyalis Medya,

Madam Alina Orenstein

POLISYE LEKÒL : 491-8412

Ofisye Steve Fernandez

SÈVIS ELÈV:**491-8441**

Madam Marie DiFonte

491-8417

Madam Brent Higley

493-6892

Madam Mary Killeen

491-8416

Mesye Brian Leibowitz

491-8451

Mesye Eric Luchina

491-8414

Mesye James McDonough

491-8439

Mesye Mathew Merman

439-9786

Doktè Pia Pierre

491-8415**TEKNOLOJI:****491-6842**

Kowòdonatè Teknoloji:

Mesye. Logan Wehmeyer

ORÈ SON KLÒCH

Orè Peryòd 7 Jou

1 ^{ye}	7:30-8:24
2 ^{yèm}	8:30-9:20
3 ^{yèm}	9:26-10:16
4 ^{yèm}	10:22-11:12
5 ^{yèm}	11:18-12:08
Repa midi	12 :08-12:53
6 ^{ye}	12:59-1:49
7 ^{ye}	1:55-2:45



Orè Blòk Jou Enpè/Pè (*Block Odd/ Even Day*)

1 ^{ye} / 2 ^{yèm}	7:30-9:22
3 ^{yèm} / 4 ^{yèm}	9:28-11:12
5 ^{yèm}	11:18-12:10
Repa Midi*	12:10-12:55
6 ^{yèm} / 7 ^{yèm}	1:01-2:45

BYENVENI NAN REJYONPEYI "COBRA"

- Ou dwe **Emab**(Courteous)
- Ou dwe **Rive Alè**(On time)
- Ou dwe **Briyan**(Brillant)
- Ou dwe **Responsab & Montre Respè**(Respectful)
- Ou dwe **Yon Modèl** (A Role model)
- Be **Pridan** (Safe)

Konsèy: Ale nan kalandriye lekòl ou a pou orè son klòch chak jou a

Non respè règleman lekòl yo ap genyen kosekans jan sa defini nan Nan Kòd Konduit Elèv la .

RIVE LEKÒL/LAGE LEKÒL PWOSEDI

Yo atann pou elèv yo rive epi abiye selon kòd abiman an

Yo atann pou elèv ki mache pou vini lekòl respekte mezi sekirite trafik yo epi travèse lari a lè ak kote pèsonèl k ap ede trafik la endike yo. Elèv yo pa dwe monte bisiklèt ak paten awoulèt nan lekòl la epi yo dwe sere epi bloke yo nan rak bisiklèt l ki lokalize sou kote pakin estaf la. Yo kapab depoze elèv ki vin nan machin yo nan zòn ki deziye pou sa devan lekòl la. Tanpri, evite depoze elèv deyò baryè yo oswa nan pakin nan.

Elèv ki kondui yo dwe antre nan pakin elèv la. Machin yo dwe genyen yon viyèt ki valid pou yo pake yo nan pakin elèv la.



Ou kapab jwenn orè bis Park Vista lè w

vizite www.palmbeachschools.org/transportation epi mete enfòmasyon yo mande a. Se leta ki dirije zafè transpò nan bis pou elèv ki rete pi lwen pase de (2) mil de lekòl la epi se Komin nan (P-5.186) ki founi sèvis la. Pou plis enfòmasyon konsènan transpò, tanpri, kontakte **sant dapèl transpò nan 561-242-6565**. Yon elèv anba otorite ak disiplin chofè bis **toutan**. **Monte nan bis se yon PRIVILÈJ.**

Pwosedè pou Kite Lekòl la

Si yon elèv genyen yon randevou doktè, dantis, oswa lòt randevou ki te apwouve, pandan lè lekòl yo, **paran an oswa responsab la dwe rele direksyon an.**

Elèv dwe pase nan Direksyon an avan li soti epi siyen kòrèkteman. Yo p ap ekskize absans la jiskaske elèv la pote dokiman medikal ekri ki soti nan men doktè/dantis oswa dokiman tribinal.

Elèv ki genyen mwens pase 16 an p ap otorize kite lekòl la oswa pran woulib nan men yon lòt elèv. Donk, se paran l ki oblije vini chèche li.

Tout elèv ki tonbe malad dwe ale nan klinik la. Li dwe genyen yon nimewo telefòn nan lis kontak paran an ki parèt sou ekran òdinatè a kote yo kapab kontakte paran an pou yo kapab jwenn pèmisyon pou li ale lakay li.

Yo p ap lage okenn elèv avan lè, aprè 2:15 p.m. Sa ap evite bloke antre ak soti bis lekòl yo epi retade sikilasyon an.

Yon fwa yon elèv antre nan lakou lekòl la nan maten, li dwe suiv pwosedè pou li soti kite kanpis la.

Park Vista High genyen yon règleman lekòl baryè fèmen. ("closed campus"). Elèv yo pa kapab soti kite lekòl la yon fwa yo antre nan lakou lekòl la san yo pa siyen pou yo kòrèkteman. Eksepsyon a règ sa a se elèv ki enskri nan yon pwogram eksperyans travay. Elèv ki genyen peryòd kote yo pa genyen kou, pa dwe nan lekòl la nan moman sa yo. Si yon elèv pa genyen transpò, y ap voye l nan yon klas. Anba règleman lekòl baryè fèmen an, tout elèv ta dwe rete nan lekòl la pandan repa midi.

Elèv yo pa otorize soti kite lekòl la pou okenn rezon san otorizasyon paran yo.

Remak: Paran/responsab dwe fè mizajou kontak yo pèsonèlman nan Biwo Konseye Akademik la. Estaf Direksyon an itilize sistèm idantifikasyon apèl pou verifye apèl paran k ap rele pou yo lage pitit yo avan lè.

Reta:

Yo atann pou tout elèv rive alè lekòl epi pou yo nan klas yo lè klòch reta a fin sonnen. Elèv ki rive anreta dwe ale nan Sèvis Elèv pou jwenn yon **pinisyon**. Elèv ki genyen abitid rive anreta ap resevwa yon pinisyon adisyonèl.

Yo pral anrejistre non elèv retadatè yo nan sistèm pou konduit elèv yo. Li obligatwa pou elèv yo itilize ID yo lè y ap antre nan sistèm sa a. Elèv yo ap resevwa twa avètisman pou chak semès avan yo resevwa yon pinisyon pou reta a. Park Vista pa aksepte nòt paran oswa apèl telefonik pou ekskize reta. **Leve ta, rate bis, pwoblèm sikilasyon, pwoblèm machin oswa maladi doktè pa konfime, eltr. p ap jwenn ekskiz**

RÈGLEMAN KAFETERYA

Pandan repa midi, elèv yo dwe rete nan kafeterya ak lakou lekòl la. Gen lòt zòn adisyonèl estaf la deziye pou pou lè gen move tan. Elèv yo dwe genyen yon lesepase ki di yo fini ak repa midi yon pwofesè bayo pou yo kapab ale nan yon salklas. Klib yo pwograme pou reyini nan sal 10-104 ak 10-105 pandan repa midi. Repa midi an silans ap fèt nan sal 3-10¹.

Akoz pwoblèm sekirite, yo p ap otorize paran oswa machann pote manje ak bwason. Yo ankouraje paran pou kreye yon kont pou repa midi sou entènèt. Vizite <http://palmbeach.schoolcashionline.com>.

Repa midi nan Lekòl disponib pou elèv ak estaf atravè Lwa Federal sou Pwogram Repa Midi. Yo sèvi yon varyete manje epi yo ofri anpil manje "a la carte". Nan objektif pou yo mentni yon anbyans agreyab nan kafeterya a, yo te tabli direktiv sa yo.

1. Elèv yo dwe antre epi soti nan kafeterya annòd nan pòt yo endike yo.
2. Elèv yo dwe pran yon plas nan liy nan osito yo antre nan kafeterya a. PA gen sote plas ni koupe liy nan. Pandan yon elèv nan kafeterya a li dwe chita oswa soti ale nan lakou a.
3. Konvèsasyon dwe fèt ant moun ki sou menm tab kote elèv la chita; pa gen rele nan mitan kafeterya a.
4. Yon fwa elèv yo fin manje, yo dwe netwaye tab la, retire tout rès manje ak fatra epi lage yo nan bwat fatra.
5. Tab yo ak planche a dwe rete vid epi pwòp. Chak elèv responsab pou zòn tab kote li chita.
6. Elèv yo responsab pou kite tout zòn kote yo manje yo pwòp.
7. Fòm aplikasyon pou manje gratis oswa ak rabè disponib sou entènèt nan palmbeachschools.org/sfs epi yo disponib nan men Manadjè Kafeterya a.
8. Yo bay chak elèv k ap achte manje yon PIN (Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl). Se sèlman moun yo te bay nimewo a ki kapab itilize li. Elèv yo dwe memorize nimewo PIN yo.

SELEBRASYON

Yo entèdi fèt nan salklas. Akoz limitasyon nan espas, elèv yo kapab pote jiska de (2) bjad pou selebre anivèsè nesans yo ak okazyon espesyal. Yo pa otorize machann vin delivre anyen bay elèv yo.

Elèv ki genyen sanksyon disiplinè nivo 3 oswa 4 pa kapab patisipe nan evènman espesyal, sa enkli san li pa limite a bal gradyasyon, aktivite byenveni, Fèt gradyasyon ("GRAD" bash), eltr.

KLINIK

Yon enfimyè travay nan klinik la epi egzamine chak elèv pou detèmine gravite maladi li. Klinik la pou premye swen ak ijans sèlman. Elèv ki malad dwe prezante yo nan klinik la. Elèv yo dwe jwenn yon lesepase nanmen pwofesè yo pou ale nan klinik la. **Si yon elèv rele paran li pou vin chèche l andeyò klinik la, elèv la dwe rete nan klas la jiskaske paran an rive epi yo pap jistifye absans la.** Se sèl sou-direktè/tris a ki kapab bay pèmision pou soti nan lekòl la aprè yon elèv te vini nan klinik la, yon fwa yon paran/responsab oswa yon lòt moun ki otorize dapre lis kontak la te konfime pèmision pou elèv la soti nan lekòl la. Si elèv la pa rive kontakte yon paran, li dwe retounen nan klas li.

Yon elèv k ap resevwa swen nan men yon doktè lisansye, epi ki bezwen pran medikaman, fèt pou genyen otorizasyon alekri ki soti nan men paran li ak doktè a. **Elèv yo dwe jwenn fòm otorizasyon doktè pou elèv la pran medikaman ("Physician Authorization for Student Medication") nan men doktè yo epi fè paran yo siyen li.** Fòm nan egzijib ni pou preskripsyon ni pou medikaman yo vann san preskripsyon. Yonfwa fòm nan ranpli, retounen l bay enfimyè lekòl la. Yo dwe prezante medikaman an bay enfimyè a nan flakon orijinal li ki soti nan famasi a ak yon etikèt. Enfimyè lekòl la oswa moun ki deziye a ap kontwole administrasyon medikaman an.

Yo pa otorize elèv pote medikaman sou yo eksepte aparèy pou respire ak plim pou alèji (Epi-pens) oswa ekivalan yo. Yo p ap bay okenn elèv medikaman san fòm otorizasyon doktè a; sa enkli Midol, Tilènòl, Advil, siwo pou grip, elatriye. Yo pa kenbe atik sa yo nan klinik la. Si yon elèv bezwen nenpòt ekipman tankou beki,

chèzwoulant, elatriye, pou li kapab vin lekòl la, li dwe prezante yon nòt doktè pou ekipman sa a epi yo dwe kenbe fòm sa a nan dosye elèv la genyen nan klinik la.

Tout elèv ki genyen yon maladi kwonik ak kondisyon ki mete vi yo andanje, tankou dyabèt, malkadi, maladi kè, oswa alèji grav, yo ta dwe fè enfimyè a konnen. Enfimyè a ap evalye kondisyon yo epi detèmine bezwen yo pandan yo nan lekòl la. [Enfimyè a ap bay yon kesyonè pou paran an epi paran yo dwe ranpli l epi siyen l](#) Tanpri, rele enfimyè a si w genyen nenpòt kesyon

OPSYON POU KREDI LABORATWA

Elèv ki manke kredi oswa ki pa genyen minimòm 2.0 Mwayèn Jeneral (*GPA*) ap rankontre ak Konseye Akademik Lekòl yo pou devlope yon plan ratrapaj. Opsyon sa yo genyen ladan yo, san yo pa limite a: "Florida Virtual School (FLVS)/Palm Beach Virtual School, Edgenuity," kredi laboratwa, ak lòt opsyon ratrapaj kredi.

Règleman sou Ratrapaj

Elèv yo kapab repete yon kou pou yo jwenn padon si yo te fè yon F oubyen yon D (D sou baz plas ki disponib) pou yon kou. Ratrapaj pou yon kou obligatwa ta dwe limite pou ranplase yon nòt "D" oswa "F," oubyen ekivalan yon nòt "D" oswa "F," ak yon nòt "C" oubyen plis, oswa ekivalan yon nòt "C" oubyen plis yo fè lè sa a, nan menm kou a oubyen nan yon kou konparab. Yon elèv ap jwenn padon pou yon kou sèlman si l fè yon nòt **C oubyen plis**. **Elèv Lekòl mwayen** kapab ranplase yon nòt C, D oswa F (C oswa D yo sou baz plas ki disponib) ak yon nòt "C" oswa plis, oubyen ekivalan yon nòt "C" oubyen plis, yo fè lè sa a, nan menm kou a oswa yon kou konparab.

Elèv ki fè yon **D** nan efò pou repete kou a ap jwenn kredi pou kou sa a; sepandan, yo p ap padone movez nòt li te fè avan an. Elèv yo kapab chwazi pou yo repran menm kou a ankò, epi lè yo fè yon **C oubyen plis**, y ap efase tout nòt yo te fè avan yo. Nan tout ka kote yo padone movez nòt yo, sèl nouvo nòt la, C oubyen plis, ta dwe sèvi pou yo kalkile Mwayèn Jeneral elèv la (*GPA*). Nenpòt nòt pou yon kou yo pa t ranplase selon règleman direksyon distri lekòl la, fèt pou enkli nan kalkil total Mwayèn Jeneral (*GPA*)

yo mande pou yon elèv gradye. Si yon elèv te soti nan Pwogram Bakaloreya Entènasyonal (IB) la, li kapab pran yon kou ekivalan oswa ki pi ba pou jwenn padon pou yon nòt **D** oswa **F** li te fè pou yon kou IB (Egzanp: AP Calculus oubyen Calculus Honors pou padon pou Calculus IB). Nan tout ka kote yo te padone selon pwovizyon ki anlè la a, nòt **F** oswa **D** li te fè avan an ap rete nan istwa akademik li. Yo ta dwe fè elèv yo konnen anpil inivèsite kalkile GPA baze sou tout kou yo te pran.

RETNI

Tout fèy retni administratif ap genyen enfòmasyon tankou dat, lè, ak lokal retni a. Retni yo fèt regilyèman nan sal sa yo:

Repa Midi an Silans – Sal 3-101
Retni aprè lekòl – Room 10-104

KÒD ABIMAN

Tanpri, refere w ak Kòd Konduit Distri Lekòl Rejyon Palm Beach pou Lekòl Segondè pou plis enfòmasyon sou Kòd Abiman.

Vètman ki Akseptab

- Wòb, Jip, ak jip louvri oswa chòt dwe mezire owen 3/4. Wòb long oswa jip avèk ouvèti pou fasilite depasman petèt pa genyen yon ouvèti ki anlè longè estanda $\frac{3}{4}$.
- Blouz, chemiz, ak tòp yo dwe genyen manch epi yo dwe ase long pou rantre nan pantalon, chòt ak jip.
- Kòl yo dwe ase wo pou evite dekòlte.

Abiman ki entèdi

- Vètman transparan
- Bout pantalon spandeks ak unitards
- Vètman, bijou, bouton, elatriye, ki genyen mo, fraz, senbòl, imaj oswa ensiy ki deranjan, obsèn, vilgè, rasis, pwovokan, oubyen ki gen relasyon ak izaj dwòg oswa alkòl.
- Vètman ki defòme, degrade, oswa mal prezante drapo peyi a.

- Linèt solèy, chapo, kapichon, foula, pik, peny, kaskèt, oswa nenpòt kalite atik ki kouvri tèt. Si w oblije mete linèt solèy pandan aktivite fizik edikatif k ap fèt deyò, tanpri, klarifye sa ak antrenè ki koresponn nan.
- Pantalon, jip, oubyen chòt ki rive anba senti oswa hanch.
- Chenn pòtfèy, chenn pou kou, oubyen tout lòt kalite chenn an metal.
- Jip ak wòb yo ki kout pase $\frac{3}{4}$ pi ba oswa avèk yon ouvèti ki rive piwo pase $\frac{3}{4}$ jenou yo.
- Chemiz san manch, vètman dekolte nan do, vètman ak bretèl.
- Pantalon oswa ba ki gen twou ki ekspoze po yo ak/oswa tisi transparan ki piwo pase jenou.
- Atik ki gen referans ak lanmò, krim oswa gang.
- Vètman depyès ki ekspoze vant, do, oswa sou kote.
- Pijama, pantouf, oubyen pye atè.
- Bout pantalon kolan/spandèks & justaucorps.

Kod abiman apwopriye pou vètman dwe mete nan jou SGA ki apwouve. Paran yo mande pou jwe yon wòl aktif nan aplikasyon règleman sa a. Y ap kontakte paran oswa responsab elèv ki pa konfòm yo pou yo pote rad derechanj.

EKSEPSYON : Nenpòt elèv k ap mande yon egzansyon tanporè pou kòd abiman pou rezon medikal dwe toudabò prezante yon nòt doktè bay sou-direktè ki koresponn nan pou jwenn apwobasyon.

Pwofesè Akademi Pwofesyonèl mande elèv Akademi yo yon inifòm espesifik.

Tanpri, remake kòd konduit la efektiv nan moman elèv la rive nan lakou lekòl la.

EVAKYASYON AK PRATIK

Yo revize tout detay pwosedi pou ijans ak estaf la nan kòmansman chak ane lekòl.

Selon lwa eta a, egzèsis pou ensandi fèt apeprè dis fwa pa ane. Direktiv pou wout evakyasyon yo afiche nan chak klas. Yon son alam ak limyè k ap flache anonse pratik pou ensandi. Elèv yo dwe soti nan bilding nan rapidman epi ale trankilman nan espas yo deziye yo. Yo dwe rete la avèk pwofesè yo tout tan,

pandan yo rete lwen wout ak twotwa yo. Lè siyal “all clear” (tout bagay klè) sonnen pou yo retounen nan klas yo, elèv yo dwe suiv menm wout yo te pran lè yo t ap evakye bilding nan.

Epitou lekòl la fè pratik obligatwa pou ijans kòd wouj /jòn ak tònad pandan tout ane lekòl la. Yo anonse pratik sa yo nan sistèm kominikasyon entèn lekòl la.

Kamera Siveyans

Pou rezon sipèvizyon, sekirite ak pwoteksyon, yo itilize kamera videyo sou lakou lekòl la ak nan bis lekòl yo.

PWOMNAD

Lè yon elèv gen lide patisipe nan nenpòt pwomnad ki apwouve ki gen rapò avèk anrichisman travay akademik, yo egzije yon papyè pèmisyon nan men paran oswa responsab la avan dat yo pwograme pwomnad la. Pwofesè ki anchaj pwomnad la ap distribiye fèy pèmisyon yo alavans. Elèv yo ap sipoze ale nan fòm transpò responsab la te prevwa epi yo pa janm dwe itilize lòt mwayen transpò responsab pwomnad la pa t apwouve

Pwofesè yo kapab refize bay pèmisyon yo pou yon aktivite andeyò klas la si yon elèv p ap pase klas la oswa li genyen pwoblèm absans. Elèv yo dwe konplete tout devwa yo te rate pou lòt klas yo pandan yo te ale nan pwomnad la. Yo atann pou elèv yo konpòte yon fason ki reflekte pozitivman sou lekòl la.

Evènman/Aktivite

Remak: Lekòl la kenbe yon “lis obligasyon” ki endike kilè yon elèv anreta nan peman obligasyon finansye li. Si yon elèv nan “lis moun ki dwe” a, li pa otorize achte tikè pou aktivite espesifik tankou seremoni “GRADYASYON” nan “*Universal Studios*” oswa tikè pou bal gradyasyon.

Aktivite espesyal lekòl la òganize (bal gradyasyon, fèt pou elèv k ap antre nan inivèsite), seremoni “GRADYASYON”, elatriye.) genyen egzijans espesifik pou chak aktivite elèv yo dwe satisfè pou yo kapab patisipe. Ale nan “Biwo Aktivite” a pou detay.

LESEPASE ATRAVÈ LEKÒL LA

Elèv yo dwe genyen yon lesepase lè yo nan koulwa yo pandan lè kou yo. Se pwofesè a ki dwe bay lesepase a epi li enkli non pwofesè a ak nimewo sal la. Itilize *lesepase apwopriye pwofesè a emèt la*. Pwofesè a genyen otorite pou li bay oswa pa bay lesepase yo. Park Vista Community High School itilize yon lesepase estanda. Y ap itilize lesepase endividyèl sèlman lè yon elèv p ap retounen nan yon klas pandan peryòd sa a. Lese pase sa yo ap genyen yon koulè diferan chak semès.

Pou rezon sekirite, yo p ap bay elèv yo lesepase premye dis minit ak dènye dis minit kou a.

KADNA AK KAZYE

Kadna ki tache nan kazye yo disponib atravè Biwo Sèvis Elèv pou \$10.00 pa ane. Yon kadna ki andomaje oswa ki pèdi ap lakoz elèv la peye \$5.00 pou ranplase li avan yo bali yon lòt kadna/kazyè.

- Yo pa dwe itilize machin kòm kazye paske elèv yo pa kapab ale nan machin yo pandan jounen lekòl la.
- Elèv yo pa gen dwa pataje kazye.
- Lekòl la pa responsab okenn atik ki pèdi oswa andomaje.
- Se responsablite elèv la pou l rapòte tout move fonksyonman yon kadna oswa kazye bay Biwo Sèvis Elèv la imedyatman.
- Y ap retire tout kadna ki nan kazye yo ki PA SOTI NAN Biwo Sèvis Elèv la san avètisman.
- Yo gen dwa fouye tout kazye elèv yo san avètisman selon lwa Leta Florid.

PWOSEDI SANT MEDYA/BIBLIYOTÈK

Vizite bibliyotèk Sant Medya nou an pou kreye, kolabore, epi inovè! Bibliyotèk lekòl nou an la pou ede w! . Nou ouvè chak jou apati 7:00 a.m. rive 3:30 p.m. Nou genyen yon gwo koleksyon liv ak liv elektwonik ak odyo sou yon gran kantite sijè ak enterè. Madam Orenstein, espesyalis Sètifye Bibliyotèk nou an bay teknik sou rechèch, fason pou jwenn enfòmasyon, ak konesans dijital. Pwogram

bibliyotèk yo ofri aktivite ki pa sèlman ankouraje elèv yo li, men tou deklanche kreyativite ak aprann jwenn solisyon pwoblèm. Fè sèten ou poze Madam Orenstein kesyon sou GALEe Tools, yon sistèm jesyon rechèch sou entènèt, ansanm avèk *App Google* ki disponib pou tout elèv nan distri a.

Elèv yo kapab prete jiska dis liv yon sèl kou, epi kenbe yo pandan yon peryòd de semèn. Pandan nou pa fè peye pou liv ki depase dat pou yo te remèt yo, nou fè peye pou liv ki pèdi oswa dechire. Òdinatè, enprimant, ekipman pwodiksyon videyo, ak fotokopiez disponib pou izaj akademik. Elèv yo otorize enprime oswa kopye 10 paj an nwa e blan pa jou gratis; paj adisyonèl ap koute \$.10/paj epi kopi koulè \$.50/paj.

Remak: Pwosedi yo gen pou yo chanje avèk règleman CDC yo.

KOMINIKASYON AK KONFERANS ANT PARAN/PWOFESÈ

Yo rekòmande pou paran yo kontakte pwofesè yo nan imèl konsènan enkyetid yo genyen sou elèv yo. Paran yo kapab mande yon konferans ak yon pwofesè atravè Konseye Akademik la.

Kominikasyon ant lekòl la ak lakay fèt atravè lyen paran, nan bilten anliy *Cobra Courier*, Rapèl chak semèn Konseye lekòl (School Counselor), School Counselor Coffee Talks, Facebook ak Twitter. Tanpri, vizite paj entènèt lekòl la nan *pvchs.com* pou enfòmasyon ki ajou.

PAKIN NAN LEKÒL LA

Pakin lekòl la se yon pwopriyete piblik ki sou kontwòl lekòl la. Elèv ki kondui vin lekòl dakò pou yo pa itilize machin yo pou transpòte oswa sere okenn

atik kontrebann, ni sèvi ak pakin nan nan okenn fason ki vyole kòd konduit Distri Lekòl la oswa lwa kriminel. Elèv yo siyen yon fòm pakin kote yo bay konsantman yo pou pèsonèl otorize fouye machin yo.

Remak: Distri Lekòl Rejyon Palm Beach p ap pran okenn responsabilite legal pou machin ki nan lekòl la.

Sèl elèv 11^{yèm} ak 12^{yèm} ane ap elijib pou achte yon viyèt pakin.

Pwosedi pou Pakin

*Ranpli yon aplikasyon pou jwenn yon pèmi pou pake. Kondisyon pèmi pou pakin: Dosye gradyasyon ki konplè sou entènèt (senyò sèlman), Jinyò oswa Senyò ki pare pou gradye, GPA 2.0, epi ki pa gen okenn obligasyon finansyèl.

*Elèv yo dwe genyen yon viyèt sou vit machin yo avan yo kapab pake nan pakin elèv la.

Voye pati anba yo nan yon imèl bay karen.yaffe-staie@palmbeachschools.org : Aplikasyon Vyèt Pakin pou 2022-2023 byen ranpli nan toude bò avèk siyati paran responsab la sou toude bò, nimewo aktyèl plak machin, kat asirans, lisans Florid, ID elèv Park Vista, ak resi \$50.00 yo peye nan [schoolcashionline](https://www.schoolcashionline.com)

* Fikse viyèt pakin nan yon fason pèmanan sou kote anba vit devan machin nan sou bò chofè a.

* Pake sèlman nan zòn ki deziye pou elèv yo nan kwen Nò-Ès lekòl la.

* Y ap remòke tout machin ki pa genyen yon viyèt ki vizib.

* Y ap remòke tout machin ki pake andeyò zòn pakin ki deziye pou elèv yo.

* Machin pa otorize pake pa bak. Yo dwe rantre toudwat nan espas pakin nan. Elèv yo pa kapab pake nan Pak West Boynton nan.

* Elèv yo pa otorize tounen rantre nan pakin nan pandan jounen lekòl la.

Remak: Siyati w sou fòm aplikasyon pou viyèt la vle di ou dakò pou respekte règleman yo. Y ap remòke machin oswa revoke viyèt tout vyolatè.

AFICH/DEKORASYON

Tout afich ak bilten ki ekspozè oswa distribiye nan lekòl la dwe toudabò genyen apwobasyon estaf Biwo Aktivite yo. Yo atann tou pou elèv yo evite dekore kazye yo ak estikè oswa nenpòt lòt materyèl.

Elèv yo dwe evite abime oswa retire afich ki te apwouve.

KONSÈY AKADEMIK

Premye objektif Depatman Konsèy Akademik la se ede elèv yo rezoud pwoblèm akademik yo, konprann santiman pèsonèl yo ki gen rapò ak rezoud pwoblèm epi pran desizyon, konprann konpetans yo jan yo mezire nan tès estanda yo ak nòt pèfòmans, epi seleksyone fòmasyon apre lekòl segondè ki koresponn ak enterè ak abiltè ki pral mennen yo nan yon karyè kote y ap genyen siksè.

Chak elèv nan Park Vista Community High School genyen yon konseye akademik k ap sèvi li pandan tout ane lekòl yo. Konseye akademik la jwe yon wòl enpòtan pou ede elèv yo pran desizyon ki konsène ranman yo nan lekòl, chwazi karyè/djòb, ak chwazi kolèj.

Nan prentan chak ane, konseye akademik yo, ak èd pwofesè yo ak lòt manm estaf yo, konseye epi enskri tout elèv onzyèm ane yo pou pwochen ane lekòl la. Elèv ta dwe refere yo ak gid kourikoulòm ki sou entènèt la nan pvchs.com. Gid sa a bay enfòmasyon sou kourikoulòm, kondisyon pou gradyasyon, pwosedi pou gradyasyon, pwosedi pou enskripsyon, epi li sijere pwogram etid. Nou ankouraje elèv yo enplike paran yo nan pwosesis enskripsyon an.

Epi, nan yon efò pou ede elèv yo prepare pou antre nan kolèj oubyen jwenn enfòmasyon adisyonèl sou divès kolèj oswa karyè, konseye akademik yo rankontre ak elèv yo epi yo bay enfòmasyon ak resous ki disponib nan rechèch kolèj ak karyè y ap fè. Genyen yon rapèl chak semèn yo imel tout elèv ak paran yo, ki bay lis tout reprezantan kolèj la ak lè yo nan Park Vista. Tanpri, wè avèk youn nan sekretè konseye yo si w dezire pale avèk youn nan reprezantan kolèj yo. Yo pibliye yon bilten peryodik sou bousdetid, li disponib sou entènèt ak nan biwo Konseye Akademik yo.

Elèv yo kapab wè avèk youn nan konseye avan lekòl la kòmanse, apre lekòl lage oswa pandan repa midi.

PRIVILÈJ ELÈV 12^{yèm} AK 11^{yèm} ANE

Elèv 12^{yèm} (senyò) ak 11^{yèm} ane (jinyò) ki nan chemen pou yo gradye kapab chwazi pou yo pa pwograme okenn kou nan 7^{yèm} peryòd la. Elèv 12^{yèm} (senyò) kapab pa seleksyone klas nan 6^{yèm} si yo nan chemen pou yo gradye. Peryòd lib rann elèv yo mwens konpetitif nan kolèj ak nan pwosesis bousdetid.

ID ELÈV

Tout elèv resevwa yon Kat ID elèv. Tout elèv dwe pote kat ID yo sou yo toutan. Yo itilize kat ID pou ale nan direksyon, jwenn sèvis nan bibliyotèk, endike si elèv la te retounen yon fòm konsantman pou izaj entènèt, pou achte tikè pou aktivite espesyal, pou soti nan lekòl la lè yo genyen yon orè redui, pou achte nan kafeterya a, epi pou mentni sekirite nan lekòl la. Yo kapab achte yon kat ID ranplasman nan sant medya a oswa pandan lè repa midi chak jou.

PLAN PWOGRESYON ELÈV

Tanpri, ale nan lyen sa a pou plis enfòmasyon: www.palmbeachschools.org/studentprogression

PWOSEDI POU BAY NÒT

Kanè ak Bilten sou Pwogrè pibliye chak peryòd nèf semèn epi yo ta dwe reflekte prezans/absans pou chak elèv. Y ap remèt elèv yo kanè twa premye peryòd yo. Y ap voye kanè pou katyèm peryòd la lakay elèv yo pa lapòs.

Men Dat distribisyon kanè yo:

1^{ye} nèf semèn yo – *****

2^{yèm} nèf semèn yo – *****

3^{yèm} nèf semèn yo – *****

4^{yèm} nèf semèn yo – Distri Lekòl la ap decide dat la

Y ap distribye yon rezime bilten yon paj sou pwogrè bay tout elèv yo apeprè 4 semèn ½ nan chak peryòd nòt.

Men dat distribisyon Bilten yo:

Septanm ***** Novanm *****

Fevriye ***** Me *****

Nòt yo ap parèt nan kanè a jan li ekri la a:

A = Siperyè

B = Piwo pase Mwayèn

C = Mwayèn

D = Anba Mwayèn

F = P ap Pase

I = Enkonplè

N = Echwe egzamen ak pèt kredi akòz vyolasyon

Règleman Eta a sou Prezans

E = Senyò ki pa bezwen pran Egzamen Final

M = Pa gen Nòt Valid (Elèv ESOL sèlman)

Nòt yo dwe baze sou kalite travay elèv la reyalize. Prezans regilye yon elèv, preparasyon chak jou, ak rapidite pou konplete devwa alè dwe konsistan epi koresponn ak nòt sa yo. Y ap anrejistre yon kantite nòt sifizan pou jistifye nòt peryòd la. Nòt yon peryòd pa kapab baze sou yon sèl pwojè.

Elèv ki pa konplete tout travay ratrapaj yo dwe resevwa yon mosyon Enkonplè (I) pou peryòd la. Travay sa a dwe fini nan dis (10) jou pwochen peryòd la, otreman "I" a kapab tounen yon "F". Lèt ki koresponn ak nòt yo dwe kalkile sou yon pousantaj reyalizasyon elèv la jan li endike la a:

Echèl Nòt:

A = 100% - 90%

B = 89% - 80%

C = 79% - 70%

D = 69% - 60%

F = 59% ak pi ba

Y ap akòde kredi pa semès sèlman, eksepte pou kou fen pwogram: Aljèb 1, Jewometri, Biyoloji, ak Istwa Etazini. Yo p ap bay okenn lòt mwayèn nòt anyèl. Elèv la dwe gen bon nòt nan majorite nèf semèn ak egzamen pandan yon semès detèmine pou l resevwa yon nòt pasaj pou semès la. Pou l resevwa

kredi pou yon kou li pran, elèv la dwe konplete tout travay yo mande, enkli egzamen semès la.

Elèv senyò (12^{yèm} ane) k ap gradye ta dwe, selon opsyon pa yo, jwenn ekskiz pou egzamen final yo bay jis avan egzèsis gradyasyon, si yo pa t resevwa yon movèz nòt pou swa peryòd nòt nèf semèn dènye semès la oswa yo pa t akimile 11 oswa plis absans nan semès sa a.

Sepandan, senyò yo dwe pran egzamen nèf semèn yo si yo bay yo. Si yo pa respekte kondisyon sa a ap lakoz yo bayo yon nòt "I" (Incomplete/Enkonplè) kòm nòt semès la. Yon "I" ki parèt nan nenpòt peryòd nòt ap rete konsa jiskaske elèv yo konplete travay ki egzajib yo. Yon senyò kapab pran yon egzamen final dezyèm semès kòm yon esè pou amelyore nòt semès la nan kou sa a. (Direktiv D8.05).

Pifò nòt kou lekòl segondè parèt nan relvednòt elèv la kòm nòt semès. Egzamen semès nan nivo lekòl segondè konte pou 20% nòt final semès la. Egzamen obligatwa Fen pwogram Leta konte pou 30% nòt final kou a. **Tout elèv lekòl segondè dwe pran egzamen semès pou chak kou, eksepte senyò yo imedyatman avan gradyasyon.** Yo miltipliye valè chak nòt nèf semèn yo pa de epi yo ajoute l sou valè nòt egzamen semès la; yo divize total la pa senk. Tout travay ranplasaj ta dwe fèt nan de semèn fen trimès la amwenske direktè/tris la ta deside fè yon eksepsyon.

Kòd Onè

I. Objektif Fondamantal Kòd Onè

Bi Kòd Onè nan Park Vista Community High School se pou ankouraje yon sans etik ki fò nan elèv yo, akademikman, sosyalman, epi pèsonèlman, yon fason pou asire yo tout reyalize maksimòm kalite posib nan edikasyon pèsonèl yo. Elèv yo pral rekonèt pwòp angajman pa yo nan entegrite pèsonèl pa afekte yo menm sèlman, men tou byennèt tout kominote aprantisaj la. Atravè pratik onètete, responsablite, rann kont ak respè pèsonèl, ak pou lòt moun, elèv yo ap atenn ekselans nan pwòp edikasyon yo. Anplis, valè sa yo ap pote siksè kontini nan vi chak elèv.

II. Eksplikasyon Kòd Onè a

Dimansyon domèn akademik la konsantre ni sou edikasyon ni sou evalyasyon elèv yo; donk, malonètete nan zòn sa yo koze echèk nan youn oswa toulede zòn yo. Yon arè nan aprantisaj ak/oswa fo rezilta evalyasyon ap gen pou rezilta yon elèv ki pa byen edike.

Kòd Onè nan Park Vista Community High School gen pwoblèm ak pran poul, fè fwod, ak plajye. Enstitisyon akademik sa a atann pou elèv yo pa patisipe nan konpòtman nou mansyone la yo ki se vyolasyon entolerab Kòd Onè a. Definisyon vyolasyon enkli, men yo pa limite a:

Triche (pran poul)

Selon definisyon "The American Heritage Dictionary", triche se "vyolasyon malonèt règleman oubyen bay oswa resevwa enfòmasyon ki pa otorize nan domèn akademik, aktivite ekstra eskolè oswa lòt travay lekòl, yon fason pou bay oswa jwenn yon avantaj enjis.

Ekzanp triche enkli, men sa pa limite a:

1. Kopye yon pati oswa tout devwa yon lòt elèv, devwa nan klas li, kaye, redaksyon, tè, pwojè, oswa laboratwa li, oubyen pèmèt yon lòt moun kopye devwa ou. Konpòtman moun k ap triche enkli tou, pale, fè siy, oswa jès pandan egzamen oswa kwiz, oubyen travay ki fèt alavans tandiske l te dwe fèt pandan lè kou yo.
2. Depase limit tan nan kwiz (egzamen) kwonometre, tè, oswa devwa.
3. Anplis, destriksyon entansyonèl travay yon lòt moun klase tou kòm pran poul.
4. Izaj nenpòt mwayen èd pou etidye ki pa otorize, papyè poul, nòt klas, liv, fòmil, oswa enfòmasyon nan aparèy elektwonik, enkli mont, kalkilatris, selilè, iPod, elatriye, pou fè devwa.
5. Konesans antisipe ki pa otorize pou kwiz, tè, oubyen egzamen pa mwayen oral oswa ekri. Sa enkli kominike bay elèv nan lòt klas enfòmasyon ki te parèt nan kwiz, tè, oswa egzamen yon elèv te pran avan yon lòt.

Remak Espesyal sou Kolaborasyon:

Nou konnen pwofesè yo kapab sèten fwa ankouraje elèv kolabore, travay ansanm, etidye oswa ekri papye ansanm. Sepandan, si espri kolaborasyon ak ansèyman ak gwoup fini nan senpleman kopye travay yon elèv, papye l, redaksyon, kwiz, tèks, pwòjè, elatriye, sa konsidere kòm triche epi se yon vyolasyon Kòd Onè Park Vista Community High School. Anplis, amwenske yon devwa ekspresman bay pèmasyon pou angaje nan travay an kolaborasyon, yon elèv ta dwe konnen sa pa otorize.

B. Fwod

Selon definisyon “The American Heritage Dictionary”, frod defini kòm yon desepsyon yon moun pratike delibèman pou li jwenn avantaj enjis oubyen ilegal.”

Ekzanp fwod kapab enkli, men sa pa limite a:

1. Yon moun prezante travay yon lòt moun ann antye oswa an pati, kòm pwòp travay pa li, enkli devwa (redaksyon, pwòjè, ak rezilta rechèch), imaj, teknoloji, elatriye.
2. Falsifikasyon done syantifik oswa lòt rechèch li remèt pou jwenn kredi.
3. Fòje siyati lòt moun
4. Modifye oswa trafike dokiman ofisyèl, oswa ak mwayen teknolojik oswa sou kopi enprime.

C. Plajya

Selon definisyon “The American Heritage Dictionary”, plajya se lè yon moun vòlè epi fè (lide oswa travay yon lòt moun) pase kòm lide pa li: (pwodiksyon yon lòt moun) san w pa bay sous la kredi.”

Egzanp plajya enkli, men yo pa limite a:

1. Yon moun ki kopye langaj, rechèch, ak/oubyen lide yon lòt moun san dokimantasyon apwopriye ak rekonesans sous la (sa vle di san dokimantasyon nan parantèz oubyen nòt anba paj yo); sa enkli kopye epi mete tèks yon lòt moun oswa plizyè paj entènèt an pati oswa konplètman, nan pwòp travay pa li san l pa parafraze, itilize dokimantasyon apwopriye, oswa plase gimè

otou materyèl la.

2. Yon moun ki kite nenpòt moun fè yon devwa pou li, tankou ekri disètasyon oubyen fè yon pwòjè, epi soumèt li kòm pwòp travay pa li. (sa vle di paran oswa yon zanmi)
3. Yon moun ki remèt kòm pwòp travay li yon devwa/travay li te soumèt deja
4. Lè yon elèv pa site sous li kòrèkteman pou yon devwa espesifik. San l pa atribye sitasyon bay otè yo, papye a vin yon plajye (kopyaj) lè elèv la prezante travay la kòm pwòp travay li tandiske se pa vre.

Remak Espesyal sou Parafraz:

Inivèsite Wisconsin defini parafraz kòm lè w mete yon pasaj yon otè nan “pwòp mo pa w”. Sa egzijè modifikasyon langaj ak estrikti a ak adisyon lòt materyèl pou adapte l ak nouvo kontèks ak objektif yo. Imajine kijan “pwòp mo pa w” t ap ye si w t ap di yon lòt moun ki pa familye ak sijè a.

D. Rann kont

Pwosesis aprantisaj la ak rigè akademik Park Vista High School fleri lè tout elèv angaje nan ideyal onètete ak entegrite. Inivèsite renome eta nou a (Flagship University) (University of Florida) rekonèt yon prensip fondamantal tout pwosesis aprantisaj la ak pousuit konesans diminye lè moun triche, plajye, ak komèt nenpòt lòt ak akademik malonèt. Anplis, chak ak malonèt nan anviwònman akademik la afekte lòt elèv yon fason negatif, soti nan devye koub fason yo bay nòt, rive nan bay avantaj enjis pou yon elèv sou lisdonè oswa pou antre nan Sosyete Onorifik, Plasman nan Klas Nivo Avanse oswa admasyon nan kolèj. Se pou sa, Park Vista ap pran mezi sevè kont tout elèv malonèt.

1. Responsablite Elèv yo:

- a) Konplete chak devwa, disètasyon, aktivite, pwòjè, kwiz, laboratwa, elatriye, yon fason onorab, evite triche, fè frod, oswa plajye jan nou souliye sa piwo a.
- b) Konprann nati Kòd Onè a, règ patikilye li yo, ak direktiv chak

pwofesè an patikilye.

- c) Chèche klarifikasyon nan men pwofesè a si w genyen nenpòt kesyon oswa konfizyon ki ta parèt konsènan devwa yo.
- d) Pwoteje travay ou kont lòt moun ki ta vle itilize l nan bi ki kontrè ak Kòd Onè a.
- e) Dekouraje lòt moun pou yo pa vyole Kòd Onè a; sipòte Pratik ki kòrèk nan mitan kominote elèv yo.

2. Responsablite Pwofesè:

- a) Ankouraje adezyon nan Kòd Onè Akademik
- b) Defini epi prezante Kòd Onè a klèman bay elèv yo.
- c) Klarifye ki èd pou etid ak teknik kolaborasyon ki akseptab nan klas pwofesè a.
- d) Sipèvizite entegrite evalyasyon konvansyonèl yo (sa vle di egzamen)
- e) Rapòte tout vyolasyon Kòd Onè bay komite Kòd Onè a, e si sa nesèsè, bay paran/responsab, konseye, administrate/tris, ak lòt moun ki konsène.
- f) Pwoteje kont plajya pandan y ap itilize yon varyete teknik, ki enkli (men yo pa limite a) *Turnitin.com*
- g) Bay yon zewo oswa yon F pou devwa, kwiz, tè, pwojè, papyè, laboratwa, rapò, elatriye, ki vyole Kòd Onè a.

3. Responsablite Administratif:

- a) Ankouraje respè Kòd Onè a
- b) Defini epi prezante Kòd Onè a klèman bay elèv yo.
- c) Defini epi prezante Kòd Onè a klèman

bay elèv yo

- d) Itilize disiplin ki jis pou vyolasyon Kòd Onè yo ann akò ak matris disiplin pwogresif Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la.

4. Responsablite Administratè:

- a) Ankouraje adezyon nan Kòd Onè Akademik pandan y ap fè elèv la konnen pou l respekte Kòd Onè a jan yo defini l la.
- b) Kenbe yo okouran règleman Kòd Onè yo ak konsekans yo, espesyalman règleman endividyèl pwofesè a jan li endike l nan pwogram kou a.
- c) Sipòte mezi disiplinè yo pran si yo ta vyole Kòd Onè a

III. Pinisyon pou Vyolasyon Kòd Onè

Pinisyon pou vyolasyon Kod Onè Park Vista Community High ap enkli:

- A. Resevwa yon move nòt pou devwa a
- B. Rekòmandasyon administratif ak disiplinè.
- C. Pèdi pozisyon lidèchip (oswa abilte pou okipe yon pozisyon lidèchip) nan nenpòt sosyete onorifik, klib oubyen espò selon desizyon òganizatè/tris la.
- D. Pèdi posizyon kòm manm nan tout sosyete onorifik yo selon desizyon òganizatè/tris la.
- E. Pèdi patisipasyon nan klib/espò/aktivite lekòl la òganize selon desizyon òganizatè/tris la.

IV. Sèman

Nou ankouraje elèv yo suiv Kòd Onè epi pran angajman pou reyalize objektif nou dekri an detay piwo a pandan y ap fè sèman pou onore tout travay akademik y ap fè isit nan Park Vista High School.

“Mwen fè sèman sou lonè mwen pou m pa bay ni resevwa asistans ki pa otorize nan travay sa a.”

Yo kapab mande elèv yo pou yo ekri deklarasyon sa a sou devwa, kwiz, tè, pwojè, papyè, elatriye.

Nenpòt elèv ki pa ekri sèman an epi siyen l kapab genyen pou li defann entegrite travay li devan pwofesè a.

PREMYE AK DEZYÈM LOREYA

Pou li elijib pou l genyen estati premye/dezyèm loreya, yon elèv dwe enskri epi ale nan menm

lekòl segondè piblik la nan Rejyon Palm Beach pandan twazan, de ladan yo dwe se onzyèm

ak douzyèm ane. Yon elèv ki chanje lekòl akòz yon chanjman zòn distri a fè ap elijib pou yo rekonèt li kòm premye oswa dezyèm loreya san li pa ranpli kondisyon pou l te pase twazan nan menm lekòl piblik la. Sepandan, elèv la te dwe enskri nan lekòl piblik Distri a pandan twazan.

Elèv ki chwazi opsyon gradyasyon ak 18 kredi yo, oswa pou yo konplete opsyon 24 kredi bonè kapab klase kòm premye oubyen dezyèm loreya. Sepandan, yon elèv ki antre bonè ki enskri apentan nan yon kolèj oswa inivèsite nan nenpòt moman pandan li nan dènye ane lekòl segondè pa p elijib pou rekonesans sa a.

Detèminasyon Premye ak Dezyèm Loreya

* Plas premye/dezyèm loreya yo ap baze sou pwèn onè meritwa (HPA), ki soti nan nòt elèv la fè depi apre li te pase klas uityèm ane jiska premye trimès douzyèm ane.

* Premye loreya (Valedictorian) a se elèv ki genyen pigwo pwèn onè meritwa (HPA). Kalkil HPA ap fèt rive nan dimilyèm plas. Kalkil HPA ap fèt rive nan dimilyèm plas.

* Dezyèm loreya a (Salutatorian) se elèv ki genyen dezyèm pigwo pwèn onè meritwa (HPA). Kalkil HPA ap fèt rive nan dimilyèm plas.

* Nan ka ta genyen yon egalite nan pigwo HPA, y ap nonmen de ko-premye loreya epi elèv ki te nan twazyèm pozisyon an ap vin dezyèm loreya. Nan ka ta genyen yon egalite nan dezyèm pigwo HPA a, y ap nonmen de ko-dezyèm loreya.

Kalkil pou premye ak dezyèm loreya ap fèt nan fen premye trimès la. Kalkil la ap enkli sa ki ekri la:

* Nòt elèv la te fè lè l te pase uityèm ane.

* Nòt li te fè nan kou yo te apwouve nan anwolman doub li te pran nan enstitisyon ki nan akò atikilasyon entè-enstitisyonèl Distri a.

Règleman sa a pa garanti premye/dezyèm loreya ap fè diskou pwomosyon an. Direktè/tris la genyen otorite pou li ekskli premye/dezyèm loreya a nan distenksyon sa a.

KALKIL MWAYÈN JENERAL (GPA)

Yo itilize tout kou elèv yo la nan kalkil Mwayèn Jeneral onorifik yo. Yo detèmine grad klas la sou kalite pwèn ki asiye ak kou yo selon nivo difikilte yo.

Kalite pwèn yo asiye ak klas nan divès nivo kou sa yo se jan li prezante la a:

Kou Regilye

A = 4,000

B = 3,000

C = 2,000

D = 1,000

F = 0,000

Kou Onè

A = 4,500

B = 3,375

C = 2,250

D = 1,125

F = 0,000

Klas Plasman Avanse / AICE / Anwòlman Doub

A = 6,0

B = 4,500

C = 3,000

D = 1,500

F = 0,000

PWOMOSYON ELÈV



Ane antre nan lekòl segondè pral detèmine klasifikasyon nòt yon elèv. Li fèt pou satisfè tout kondisyon pou gradyasyon yo pou li gradye.

TLE (IZAJ AKSEPTAB AK PÈMISYON DIREKTÈ/TRIS LA SÈLMAN)

Yo konsidere elèv ki nan pwomad oswa aktivite lekòl la òganize ak apwobasyon direktè/tris la, kòm si yo nan *TLE* (Aprantisaj Tanporè nan yon lòt Lokasyon). Tan sa yo pase andeyò klas la pa konsidere kòm absans amwenske elèv la pa t soumèt fòm pèmision paran an kòrèkteman oswa li pa t ranpli kondisyon pou li te patisipe nan aktivite a.

ATIK PÈSONÈL NAN LEKÒL LA

Responsablite/Obligasyon legal – Nenpòt elèv ki chwazi pote telefòn pòtab oswa lòt ekipman kominikasyon pòtatif nan lekòl la (iPads, elatr.) , se sou pwòp risk li, epi li responsab pou l sekirize ekipman sa yo. Ni pèsonèl lekòl la, ni Direksyon an p ap pran responsablite pou ekipman ki pèdi, domaje oswa vandalis ki fèt sou okenn ekipman.


Y ap depoze atik ki pèdi yo nan biwo Sèvis Elèv la. Pou reklame atik ki pèdi yo yon elèv dwe prezante kat ID lekòl la ki gen foto li.

VIZITÈ NAN LEKÒL LA

Tout vizitè k ap vin lekòl la ta dwe ale nan direksyon an osito li rive nan lekòl la anvan li kapab vizite lekòl la. **Elèv yo pa otorize mennen okenn envite nan lekòl la pou kèlkeswa rezon an. Elèv ki soti nan lòt lekòl pa otorize vizite lekòl la oswa lòt klas.** Paran ki swete pale ak pwofesè dwe fè sa sou randevou. Moun ki nan lekòl la ki vin chèche elèv dwe rete nan machin yo epi pa entèfere ak pwogram lekòl la nan okenn fason.

Sèvis Elèv, Konsèy, Atletis ak Aktivite, ak biwo ESE louveri sèlman pou elèv aktyèl yo soti 11:15 a.m. rive 1 p.m. chak jou.

Park Vista Community High School



Antre Prensipal NORTHTREE BLVD.

- Bilding 1- Biwo Administrasyon, Sant Medya
- Bldg. 2- Kafeterya
- Bldg. 3- Anglè & Syans
- Bldg. 4- Etaj- Teknoloji Enfòmasyon. & Anglè:
- Bldg. 4- Anba- Boza, ESE, & Gouvènman Elèv
- Bldg. 5- Etaj- Anglè
- Bldg. 5- Anba- Lektè & Anglè Klas 9^{em}ane
- Bldg. 6- Etaj- Syans Sosyal
- Bldg. 6- Anba- Matematik
- Bldg. 7- Etaj- Syans
- Bldg. 7- Anba- Syans & ESE
- Bldg. 8- Fanfa, Koral, Syans
- Bldg. 9- Oditoryòm, Estidyo TV/Sinema
- Bldg. 10- Jimnazyòm
- Bldg. 11- Sal Machin
- Bldg. 12- Estad
- Bldg. 13- Laboratwa Mekanik Oto
- Bldg. 14- Laboratwa Metye Sante
- Bldg. 50- Etaj- Lang Entènasyonal
- Bldg. 50- Anba- Syans Sosyal & Syans
- P6-P13- Salklas Mobil
- Remak: Tout salklas 100 yo anba
- Tout salklas 200 yo nan premye etaj
- Egzanp: Sal 5-103 se anba nan bilding 5

